

Customer Relations
Reduced-Fare Program
2 Broadway, Room D11.152
New York, N.Y. 10004
718 330-1234 Tel



Chè Kliyan Ki Benefisyè Tarif Redwi:

Nou fyè epi nou kontan pou nou akeyi w pami moun ki benefisyè Tarif Redwi nan OMNY! Nouvo kat OMNY ak Tarif Redwi w la nan anvlop la. Kat sa a ranplase MetroCard Tarif Redwi w la; men pa kenyete w, ou ka toujou itilize MetroCard Tarif Redwi w la jiskaske li ekspire.

Lè w pare pou w kòmanse itilize nouvo kat OMNY, annik mete kòb sou li epi kòmanse tape. Pou w fè vwayaj, annik tape sou ekran k ap li kat la pou w peye rabè mwatye pri w la nenpòt lè nan gichè tren an oswa nan nenpòt bis lokal, Limited, oswa Select, nan bis rapid lè pa gen anpil aktivite, ak nan Staten Island Railway ak Roosevelt Island Tram. *Kliyan bis Westchester Bee-Line ak NICE: tanpri kontinye itilize MetroCard ou a jiskaske OMNY disponib pou sèvis sa yo.* Al sou mta.info/reduced-fare pou dènye enfòmasyon yo.

Avantaj kat Tarif Redwi OMNY

- ✓ Ou gen plis fason pou w mete lajan sou kat ou a: Pandan w ap mete lajan sou kat ou nan machin OMNY nan anpil estasyon tren (n ap enstale plis chak semèn), ak OMNY ou ka mete lajan sou kat ou tou anliy, oswa nan magazen an detay patisipan yo. Ale sou omny.info/omny-card pou w jwenn kote ki gen machin OMNY yo oswa omny.info/retail pou w jwenn magaze an detay, famasi, kote ou ka chanje lajan oswa lòt kote ki pre w pou w mete lajan sou kat ou.
- ✓ Ou gen menm transfè gratis sot nan tren pou al pran bis la ak sot nan yon bis al nan yon lòt bis jan w te konn fè sa ak MetroCard la. Annik tape kat OMNY w la lè transfè a se nan yon espas dezèdtan.
- ✓ Jwenn vwayaj gratis lè w fè anpil vwayaj. Tape kat ou a pandan 12 vwayaj peye nan espas sèt jou epi nenpòt lòt vwayaj nan espas sèt jou a gratis otomatikman. Sa vle di ou p ap depanse plis pase \$17 nan yon peryòd sèt jou.
- ✓ Ak yon kont OMNY gratis, ki pa obligatwa (ale sou omny.info/register), ou ka gade tou kisa w rete pou jwenn vwayaj gratis. Tranzaksyon OMNY yo san danje e yo fèt an sekirite. MTA pa pataje enfòmasyon kliyan yo.

Sonje, MetroCard Tarif Redwi yo ap mache jiskaske dat ekspirasyon ki enprime nan do a rive. Nou konseye w kontinye glise pou w itlize lajan ki rete sou MetroCard ou a, epi kòmanse tape ak kat OMNY w lan.

Yon lòt fwa ankò, byenvini nan OMNY! Si w gen nenpòt kesyon, rele 877-789-6669 soti 8 a.m. rive 8 p.m. nan jou lasemèn, epi soti 8 a.m. rive 5 p.m. lè wikenn.

Mèsi paske ou vwayaje avèk nou.

Pwogram Tarif Redwi MTA

Pandan n ap chanje pou OMNY, kèk sèvis kliyan tankou ranplasman kat ak nouveau enskripsyon dwe fèt konplètman an pèsòn. Ale sou new.mta.info/contact-us/customer-service-centers pou w jwenn Sant Sèvis Kliyan yo.

Li lèt sa a nan lang Panyòl, Chinwa, Koreyen, Ris, Kreyòl Ayisyen, ak Bengali sou mta.info/reduced-fare